

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE AGRANDISMAN ASISTANS POU VIKTIM VYOLANS  
DOMESTIK AK KRIM LAÈN YO**

***Moun ki pa Sibi Blesi Fizik Pandan Sèten Krim yo Elijib pou yo Aplike pou yo  
Jwenn Ranbousman pou Depans yo te fè pou Refij Vyolans Domestik yo ak  
Depans pou Netwaye Sèn Krim lan yo***

***Biwo Sèvis pou Viktim Eta a pral Ede Viktim ki Elijib yo Peye pou Depans ki gen  
Rapò ak Krim yo san sa pap Koute Kontribiyab yo Anyen***

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse lejislasyon antre an vigè kounye a, pou agrandi asistans ki disponib pou viktim krim laèn motive yo ak kèk lòt krim ki souvan asosye ak vyolans domestik yo epi ki pa te sibi blesi fizik pandan krim lan. Nouvo Lwa ke Gouvènè Cuomo te siyen pandan ete a epi ki antre an vigè jodi a ap pèmèt moun sa yo aplike pou ranbousman depans yo te fè pou refij yo ak depans yo te fè pou netwaye sèn krim lan yo atravè fon k ap soti nan Biwo Sèvis pou Viktim (Office of Victim Services, OVS) Eta New York la.

“Lè nou ofri plis pwoteksyon pou viktim krim ki inosan yo, nou ap asire ke moun ki te andire pèn ak soufrans evènman orib sa yo resevwa sipò yo bezwen pou yo rekipere yo”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “New York fyè paske nou se youn nan premye eta k ap ofri krim viktim yo dedomajman, epi agrandisman lwa sa a ap reyafime angajman Eta a pran pou nou ede moun as yo ak manm fanmi yo, paske gerizon ta dwe premye priyorite pou yo olye de chache jwenn fason pou yo navige fado finansye zak krim yo fè kont yo a.”

“Manman m te dedye lavi l pou l ede viktim vyolans domestik yo, epi travay li te enspire m pandan peryòd travay mwen kòm fonksyonè sèvis piblik”, **Gouvènè Adjwen an Kathy Hochul te deklare.** “Nouvo lwa sa a pral asire ke viktim krim yo jwenn aksè a resous esansyèl pou ede yo rekipere yo. New York ap trase chemen an pou pwoteje sila ki pi vilnerab yo epi ranfòse sosyete nou an.”

Anvan sa, viktim ki pa te sibi blesi fizik pandan zak krim lan yo te sèlman elijib pou kèk prestasyon OVS ofri yo si akizasyon an gen ladan ke atakè a te chache anpeche viktim lan respire oswa li te chache koupe sikilasyon san l; kèk menas, asèlman, asèlman agrave, outraj kriminèl ak enfraksyon asèlman kriminèl; ak krim laèn yo. Moun sa yo te ijib pou yo chache dedomajman nan men ajans lan pou yon varyete depans ki gen rapò ak krim yo, tankou fakti pou konsèy sikolojik ak depans pou demenajman, men depans pou netwayaj sèn krim ak depans pou refij yo pa te ladan. Kounye a yo kouvri depans sa yo pou reklamasyon yo ranpli nan OVS kòmanse jodi a. Viktim sèten

enfraksyon menas, mefè kriminèl ak vòl ki pa te sibi blesi fizik yo fè pati moun ki elijib pou yo resevwa ranbousman pou pèt salè ak depans pou konsèy sikolojik yo.

**Elizabeth Cronin, ki se Direktris Biwo Sèvis pou Viktim yo, te deklare,** “OVS pran angajman pou nou ede tout viktim krim ki inosan yo, epi sa gen ladan sila yo ki gendwa pa te sibi yon blesi fizik. Efè emosyonèl yon krim ka domajan menm jan ak efè fizik pou yon moun. Avèk agrandisman avantaj sa yo, viktim vyolans domestik ak krim laèn yo pral jwenn aksè a asistans ak sipò sou wout anvè rekiperasyon yo. Nou remèsye Gouvènè a paske l rekonèt enpòtans pou fè modifikasyon nan lwa sa a nan kad efò pou ede plis viktim krim toupatou atravè eta a”.

**Lidè Majorite nan Asanble a, Crystal Peoples-Stokes te deklare,** “Kounye a, viktim ak sivivan zak vyolans domestik yo ak krim laèn abominab ki pa te pote sikatris fizik atakè yo pral elijib pou yo resevwa sipò yo byen bezwen pou yo asire lavi yo, lakay yo, ak fanmi yo gen pwoteksyon ak sekirite. Mwen ap felisite Gouvènè Cuomo ak Biwo Sèvis pou Viktim lan pou angajman yo pran pou ofri sèvis ki ekitab ak jis pou tout viktim ak sivivan nan Eta New York la yo”.

**Senatè Patrick Gallivan te deklare,** “Viktim vyolans domestik ak krim laèn ak lòt zak vyolans yo merite sipò pandan y ap kontinye efò rekiperasyon yo. Lè nou angrandi pwogram sa a atravè Biwo Sèvis pou Viktim lan, nou ka asire ke plis viktim krim inosan gen resous yo bezwen pou yo rekiperasyon yo epi simonte eprè yo. Lè nou angrandi filè sekirite a, sa pral ede rezidan toupatou atravè eta a yo”.

Lejislasyon sa a se dènye nan yon seri chanjman k ap fèt nan lwa eta a ak ogmantasyon investisman finansye anba lidèchip Gouvènè Cuomo yo konsevwa pou agrandi elijibilite ak amelyore aksè a asistans ak sèvis ki disponib pou viktim krim yo. Lòt chanjman siyifikatif ankò yo gen ladan prèske 16 milyon dola nan finansman federal ke Biwo Sèvis pou Viktim lan ap bay pou agrandi aksè a asistans legal sivil pou viktim krim yo; 8.4 milyon dola nan finansman eta ak federal pou amelyore ak agrandi sèvis yo pou adilt vilnerab ki arisk pou yo sibi abi yo, pou yo neglije yo, oswa pou yo sibi eksplwatasyon finansyè; ak 4.5 milyon dola pou agrandi sant defans pou timoun yo epi finanse sant mobil pou asire ke timoun ki viktim abi yo jwenn aksè a sèvis sa yo pi pre lakay yo.

Anplis de sa, granmoun aje ki vilnerab oswa moun ki andikape ki paka pran swen tèt yo ki te pèdi jiska 30,000 dola yo te ekonomize akòz yon krim yo, elijib pou yo chache asistans nan OVS. Chanjman an rekonèt ke anpil granmoun aje vilnerab oswa andikape yo tonbe viktim eksplwatasyon finansyè, ansanm ak abi, souvan anba men yon moun konnen. Anvan sa, ajans lan te sèlman ka ranbouse viktim yo nan limit sa, pou pèt sipò oswa salè yo. Egzijans laj yo tabli pou granmoun aje vilnerab yo dapre lwa eta a se omwen 60 tan.

Anplis de sa, biznis mòg ki te peye pou depans antèman nan yon fanmi elijib pou yo rejwenn depans sa yo nan men Biwo Sèvis pou Viktim lan. Avan modifikasyon sa a, sèlman moun ki te peye oswa ki dwe depans antèman yo - yon manm fanmi oswa yon moun ki te posede yon mòg - te elijib pou ranbousman. Chanjman sa a te modènize lwa a lè li rekonèt ke kounye a mòg yo souvan asosye ak gran biznis ki gen konsèy

administrasyon k ap opere yo olye de yon sèl moun kòm pwopriyetè yo. Biwo Sèvis pou Viktim nan ka bay jiska 6,000 dola pou depans antèman yo.

Tout chanjman lejislatif sa yo ap fèt san yo pap koute kontribiyab yo anyen. Finansman dedomajman ak ranbousman pou viktim krim yo asanm ak depans pou fonksyonman kotidyen Biwo Sèvis pou Viktim lan soti antyèman apati de amann, sichaj obligatwa ak frè asistans viktim krim ke sèten ofansè dwe peye apre yo kondane yo nan tribinal federal oswa tribinal Eta New York la yo.

### **Enfòmasyon sou Biwo Sèvis pou Viktim**

OVS ofri yon filè sekirite pou moun yo ak/oswa manm fanmi yo ki te viktim san se pa te fòt yo epi ki pa gen lòt mwayen pou ede yo. Ajans lan dedomaje ak ranbouse moun ak manm fanmi yo ki elijib pou depans medikal ak depans pou konsèy sikolojik, depans mòg ak antèman, pèt salè ak pèt pansyon alimantè ak lòt pèt oswa domaj byen pèsonèl esansyèl yo, anplis lòt asistans ankò.

Anplis de sa, aktyèlman la Biwo Sèvis pou Viktim lan finanse 222 pwogram asistans pou viktim yo ki ofri sèvis dirèk, tankou konsèy sikolojik, entèvansyon kont kriz, defans ak asistans legal toupatou atravè Eta New York. Pou w jwenn plis enfòmasyon sou sèvis ajans lan ofri yo, ansanm ak direktiv kalifikasyon yo, vizite [www.ovs.ny.gov](http://www.ovs.ny.gov) oswa rele 1-800-247-8035.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)